

# ghetto BIENNALE

## 3me Ghetto Biennale 2013 la: desantralize Mache a ak lòt istwa sou pwogrè

*Sak pase lè Ar premye mond la fwote avek Ar twazième mond la? Eske li senye?*

An Desanb 2009, 'Atis Rezistans', eskiltè Gran-Ri yo, te reyalize premye "Ghetto Biennale" a. Yo te envite yon gwoup gran Atis, pwodiktè Film, pwofesè, fotograf, mizisyen, achitek ak ekriven pou vinn Pòtoprens Ayiti nan zòn Gran Ri a pou yo patisipe oswa temwen de travay ki te fèt oubyen de bagay ki te pase nan katye yo a. Pou repete mo ekriven John Keiffer yo, li ta dwe "yon 'twazième espas'... yon espektak, yon moman kreye gras ak kolaboration anpil Atis de kilti radikalman diferan".

Dezièm "Ghetto Biennale" la te fèt an Desanb 2011, li te sanble an kontradiksyon ak bi li ki sete pou revele vilnerabilite nan inegalite ki ekziste ant ras, klas ak seks. Sa te pwovoke piplis kesyon sou kouman inegalite sa yo afekte Atis yo nan yon mond atistik ki de plizanpli globalize.

« Ghetto Biennale » la te kreye pou eseye ekspoze imobilite social, rasyal, de klas ak jeografic, men li sanble tap kontinye suiv menm tradition an. « Ghetto Biennale » la ap chèche yon balans nan mitan vwa tout Atis kap patisipe nan evènman sa a. Eske nap kritike mond atistik la oubyen se yon metòd pou nou antre ladan li. Eske nou se touris atistik oswa yon mwayen estratejik pou soti nan ghetto a. Ki konsekans tranbleman de tè a ak kilti ONG yo ki te vini an Ayiti an genyen sou baz relasyon entè-kiltirèl la?

Nou te decide reponn a defi sa yo ki fè ke nou bay twazième Ghetto Biennale la yon tèm. Nap chèche pwojè atistik kap eksplore tèm sa a ki reponn a « Mache a » de 'Mache lokal a Mache Global'. Nou te decide tou pou nou te fè de li yon <Biennale endepandan>.

Nou pap pran okenn pwojè Video oswa fotografi men ap genyen yon fotograf sou plas pou dokimante pwojè yo. A la fen evènman an si zoka yon moun ta bezwen imaj pou ka rampli ekzijans donatè yo, yo va disponib.

Twazième Ghetto Biennale la nan Pòtoprens pral eseye kreye yon espas pou pwodiksyon atistic kap eseye ofri yon platfòm kreyatif konplex pou tout Atis de diferan

Ras ou background ekonomik e ki an menm tan konnen limit yo. Ghetto Biennale saa espere transande diferan modèl 'ghettoizasyon'.

3èm Ghetto Biennale 2013 la ap fèt de finisman mwa Novanm jouk mitan mwa Desanm 2013 ; nou va gen pou konfime dat exakt la. Tout travay yo dwe fèt e exhibe an Ayiti. Atis yo ap resevwa yon envitasyon pou yo pase 1 a 3 semèn an Ayiti avan presantasyon zèv yo nan katye a devan yon piblik moun lokal nan kominote avwazinan pòtoprens yo ak kolektif e òganizasyon atistik yo. Twazièm Ghetto Biennale la genyen kòm ko-kiratè : André Eugène, David Frohnapfel, Leah Gordon ak Celeur Jean Hérard.

Dat limit pou voye pwopozisyon aplikasyon yo se Dimanch 23 Jwen e desizyon yo a va pran e anonse a la fen de premye semèn jiyè a. Premye kritè a va baze sou pwoblèm pratik pwodiksyon vyab nan lokalite Gran Ri a.

Aplikasyon yo pou 3èm Ghetto Biennale 2013 la dwe prezante yon pwopozisyon ekri pou nouvo travay yap fè a sou 2 bò de A4 avek ilustrasyon ak yon paj CV yo, tout sou forma PDF. Nou pap aksepte pwopozisyon ki plis pase 2 bò paj e nou pap aksepte Sit entènèt non plis. Sonje souple ke nap chèche zèv ke Atis yo pral kreye pandan 3 semèn yap pase Pòtoprens Ayiti nan zòn Gran Ri. Nou pap chèche travay ki deja reyalize. Nou ankouraje pwojè ki ta mande kolaborasyon ak lòt Atis e ki ta kapab ede yo konekte avan evènman an.

Pa genyen fon pou kouvri evènman sa a, chak Atis envite dwe peye pou vwayaj, akomodasyon ak materyel pa li.

'Atis-Rezistans': ou ka gade zèv eskiltè Grand Ri yo sou : <http://vimeo.com/14681755>

Pou ka jwenn plis enfòmasyon sou Atis-Rezistans visite: [www.atis-rezistans.com](http://www.atis-rezistans.com)

Pou Cheke achiv pwojè a sou 2 dènye Ghetto Biennale yo: [www.ghettobiennale.com](http://www.ghettobiennale.com)

Pou tout demann, aplikasyon & kesyon kontakte: Leah Gordon nan: [Leahgordon@aol.com](mailto:Leahgordon@aol.com)